




ÒMAN OU KAPAB PWOUVE LYEN PARANTE'W AK FANMI'W KAP VIV KANADA ?

DEMAND AZIL NAN YON PÒS SOU FWONTYÈ KANADA :



Pou'w kapab mande azil nan yon pòs sou fwontyè Kanada, ou dwe fè pati youn nan eksepsyon ki nan Antant ant peyi kote moun sanse an sekirite yo, egzanp si'w gen yon manb nan fanmi pwòch ou Kanada. (Konsilte dokiman sa « Kiyès ki kapab mande azil sou fwontyè a ? »)

KI DOKIMAN OU DWE POTE ?



AVAN'W RANTRE KANADA :

- Avèti fanmi'w kap viv Kanada.
- Yo pa oblige sou plas nan pòs fwontyè a men prezans yo kapab itil pou pwouve lyen parante'w avèk yo.
- Si yo pa preznan se posib pou otorite yo kontakte yo epi poze yo kesyon.

OU DWE GENYEN DOKIMAN OU YO AK KAT IDANTITE'W PARE :

- Montre orijinal osinon kopi dokiman'w yo.
- Egzanp dokiman idantite : batistè, kat idantite nasyonal, papye maryaj.



POU MOUN KAP VIV NAN PLASAJ :



- Montre yon prèv wap viv ansanm nan menm kay ak lòt moun nan pandan yon lane pou pi piti.
- Yon prèv ki montre nou posedé yon kay ansanm, osinon yon lwaye nou pran ansanm, resi ki kapab pwouve bagay nou lwe ansanm osinon fakti nou peye ansanm, tankou (gaz, kouran, telefòn).

* Enfòmasyon nou jwenn nan dokiman sa se selman yon apèsi epi li pa gen menm fòs ak lalwa.
Si'w gen kesyon, mande èd jiridik.